



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEPATMAN SANTE POU OFRI SIPÒ FINANSYE POU KONTE YO KA REPONN A KRIZ GRIP

Aksyon Mande Konte yo Pwomouvwa ak Ofri Aksè Elaji a Vaksen

Anjeneral, Laboratwa Konfime 35% Ogmantasyon nan Ka Grip yo ak 2% Ogmantasyon nan Kantite Moun ki Entène Lopital Depi Semèn Pase

Plis Pase 5400 Moun New York nan Laj 2-18 Lane Resevwa Vaksen nan Famasi Depi [Dekrè Ekzekitif](#) Gouvènè a 25 Janvye

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou Komisè Depatman Sante (Department of Health, DOH) nan Eta New York lan Doktè Howard Zucker pou li otorize finansman asistans an ijans pou konte yo pandan dyagnostik grip kontinye ap ogmante nan kominote atravè eta a. Aksyon sa a ap ofri ranbousman amelyore bay konte yo epi sa pral ede sibvansyone efò elaji pou pwomouvwa ak ogmante aksè a vaksen grip nan tout eta a. Gouvènè Cuomo ap mande tout 58 depatman sante lokal pou elaji efò pou yo kapab pi rapidman akomode moun New York ki toujou bezwen vaksen grip.

“Kòm dyagnostik grip ak ka entène lopital kontinye ap ogmante nan nivo epidemik, administrasyon sa ap fè tout sa li kapab pou li pwoteje moun New York kont fòm viris grip sa a ki espesyalman dirab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen mande tout moun New York pou yo pwofite de aksè elaji a vaksen grip yo epi pou yo rejwenn nou nan ralanti ak kanpe pwopagasyon viris sa a nan Empire State la.”

Ak 15,753 ka grip laboratwa te konfime yo te rapòte bay Depatman Sante Eta New York, ak 2,349 moun New York ki ospitalize ak grip konfime, chif sa yo rete ankò pi gwo chif ebdomadè nan toulède kategori yo depi yo te kòmanse rapòte nan ane 2004 epi yo depase rekò semèn pase a kote te gen 11,683 ka ki konfime ak 2,221 ospitalizasyon.

Sit wèb Depatman Sante a mete lyen sou chak [depatman sante lokal](#) ki ofri bay piblik la apwòch swen konplè nan kad efò elaji chak konte ap fè endividyèlman. Anplis, Zouti Kat Sante pou Jwenn Vaksen yo (HealthMap Vaccine Finder) idantifye tou lokalite kote moun ka jwenn vaksen yo nan lòt lokalite Eta New York sou www.vaccinefinder.org.

Gouvènè Cuomo te tou mande depatman sante lokal yo pou yo re-konsantre yo sou sansibilizasyon amelyore anvè popilasyon ki vilnerab yo, sa enkli gadri, sant repo, sant pou tigranmoun, ak kay azil pou sanzabri, pou remete aksan sou nesosite pou vaksen grip, ofri edikasyon sible nan sa ki konsène siy ak sentòm grip, epi idantifye ak asiste popilasyon sa yo ki gen to vaksinasyon ki ba. Anplis, depatman sante lokal sa yo pral kowòdone ak direktè lekòl lokal yo pou idantifye lekòl ki ap konfronte yon ogmantasyon nan to absans akoz maladi pami elèv ak fonksyonè yo epi lye yo a efò kontini pou edikasyon ak vaksinasyon. Patenarya sa yo pral asire plis toujou yo ofri bay timoun yo edikasyon ak konsèy efikas.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, “Nou dwe asire nou tout moun New York konprann kijan pou yo pwoteje tèt yo ak fanmi yo ak kominote yo kont epidemi sa a. Soti nan resevwa vaksen grip la pase nan lave men ou ak kouvri bouch ou lè w’ap touse, chak moun ka ede prevni gri la. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Depatman Sante ap travay ak depatman sante lokal yo ak lòt ajans eta a pou asire yon aksè ogmante a vaksen grip ak edike moun New York.”

Lè li elaji [aksyon yo te anonse oparavan yo](#) nan Eta New York pou [konbat epidemi grip la](#), Gouvènè a te mande Depatman Sante nan Eta New York pou pran mezi k’ap swiv sa yo:

- Reyalize konferans telefonik ak/oubyen seminè sou entènèt, ansanm ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department), pou Direktè ak Enfimyè Lekòl yo, pou ofri konsèy sou prevansyon grip ki baze sou lekòl ak dezenfeksyon etablisman.
- Distribye yon kominike bay tout anplwaye leta, sa enkli founisè dirèk swen sante, sou wòl yo nan efò prevansyon kontini kont grip nan tout eta a.
- Kowòdone ak famasi pou ofri enfòmasyon siplemantè sou disponiblite vaksen, laj yo sèvi, ak lè yo disponib sou sit wèb Depatman an ak famasi.
- Pwomouvwa afichaj [materyèl edikasyon sou grip sezonye](#), yo ka kòmande yo nan men Depatman Sante a oubyen biznis ak endividi ka enprime yo.

Mwa pase a, Gouvènè a te siyen yon [dekrè egzekitif](#) k ap pèmèt famasyen yo bay timoun ki gen ant 2 a 18 ane vaksen, sa k ap ogmante aksè a vaksen pou timoun ak fanmi New York yo pandan grip la ap kontinye pwopaje atravè New York. Dekrè Ekzekitif la sispann seksyon sou lalwa edikasyon eta a ki limite otorite famasyen pou administre ajan iminite bay kikonk ki gen mwens pase 18 lane pou pèmèt yo administre vaksen bay nenpòt ki moun ki gen soti nan laj 2 zan a pi wo. Nou ankouraje paran ak gadyen pou rele famasi anvan vizit yo an, pou asire yo prè pou yo resevwa pasyan nan gwoup laj sa a. Nou kanmenm ankouraje paran ak gadyen ki gen timoun ki gen laj ant 6 mwa ak 24 mwa pou yo wè founisè swen primè yo a pou vaksen. Kòm konsekans Dekrè Ekzekitif la, yo te rapòte plis pase 5,400 timoun te resevwa vaksen nan famasi.

Pou nèf dènye semèn yo, grip lan te epapiye sou plan jewografik atravè New York. Apati 3 Fevriye, yo te rapòte 52,567 ka grip ki konfime nan laboratwa ak 11,802 moun te entène lopital akoz grip epi te gen twa (3) ka lanmò timoun ki lye ak grip la nan Eta New York sezon sa a. Pandan sezon grip ane pase an, yo te gen 12,912 ka

ospitalizasyon ki an rapò ak grip lan ak ywit lanmò pedyatrik nan New York. Sou kat ane ki sot pase yo, te genyen yon total 25 lanmò pedyatrik akòz grip nan Eta New York, ak yon anviwon 10,571 ka ospitalizasyon ki an rapò ak grip lan nan yon ane.

Selon CDC a, vaksinasyon yo ta dwe kontinye atravè sezon grip lan, pandan tout lè viris grip lan ap sikile. CDC rekòmande tou pou moun ki malad anpil yo oswa moun ki ap kouri gwo danje pou sibi konplikasyon grip ki grav yo pou yo trete bonè ak medikaman antiviral grip yo. Medikaman antiviral yo travay pi byen lè yo kòmanse itilize yo nan 48 èdtan lè sentòm yo parèt. Yo enkli nan rapò semèn sa a te gen yon sèl ka rezistans a medikaman antiviris. Se premye dekouvet nan Eta New York pandan sezon grip sa a, epi premye dekouvet nan Eta New York depi sezon grip 2012-2013. Depatman an pral kontinye siveye rezistans antiviris ak enfòmè klinisyen sou dekouvet yo si gen yon tandans ki vini parèt. Depatman Sante a konsyan kèk lokalite ka pa gen ase nan fòmilasyon espesifik medikaman antiviral grip yo, patikilyèman sipansyon oral oseltamivir la ak konprime jenerik oseltamivir la. Depatman ap travay ak pwofesyonèl swen yo pou asire yo konn tout sous potansyèl medikaman sa yo. Anplis, Depatman an ap tou siveye depre pwovizyon vaksen, men yo toujou ankouraje rezidan yo pou rele founisè yo davans.

Anplis pou ou pran yon vaksen pou grip lan ak rete lakay ou lè ou malad, li enpòtan pou mete an pratik bon ijyèn pou men yo:

- A diferans de kèk viris, grip lan mouri fasilman lè ou itilize savon ak dlo cho.
- Lave men ou souvan ak savon ak dlo cho pandan omwen 20 segonn pou kapab pwoteje tèt ou kont jèm yo epi evite pwopagasyon yo pami lòt moun yo.
- Pòte sou ou yon dezenfektan pou men ki a baz alkolize pou ou itilize lè savon ak dlo pa disponib. Chwazi yon pwodwi ki gen omwen 60 pousan alkòl.
- Pa touse oswa etènye nan men ou yo. Olye de sa, kouvri bouch ou ak nen ou ak yon mouchwa. Moun ki gen grip yo kontajye pandan jiska sèt jou apre ke sentòm yo kòmanse.

Doktè Carol Smith, Komisè Sante ak Sante Mantal, Depatman Sante nan Konte Ulster ak Prezidan, NYSACHO te deklare, “NYSACHO totalman sipòte inisyativ Gouvènè a ak DOH nan Eta New York pou ogmante kantite sitwayen nou yo ki vaksinen kont grip la. Vaksen rete pi bon fason pou pwoteje kominote nou an kont efè potansyèlman mòtèl viris grip la”.

Pou plis enfòmasyon sou grip la, vizite:

www.health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/seasonal.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)